



Pou Piblikasyon Imedya: 16/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK PLIZYÈ LIDÈ ENTÈNASYONAL SIYEN PWOTOKÒL PLANETÈ POU AVANSE OBJEKTIF KLIMATIK SOLID NAN KAD KONFERANS KLIMATIK VATIKAN AN**

*Pwotokòl Planetè pou Rezistans Chanjman Klimatik la rekonèt nesosite pou aksyon rapid ak inifye pou pwoteje moun ki pi vilnerab yo epi adrese kriz klimatik la*

*Gouvènè Hochul, Prezidan U.S. Climate Alliance, fè diskou sou plan rezistans klimatik solid New York yo pandan Somè Klimatik nan Vatikan an*

*Pwotokòl Plantè pou Rezistans Chanjman Klimatik la [isit la](#)*

*Foto Konferans Klimatik Vatikan [isit la](#)*

Gouvènè Hochul te anonse New York te siyen Pwotokòl Plantè pou Rezistans Chanjman Klimatik (Planetary Protocol for Climate Change Resilience) la, yon akò entènasyonal ant chèf vil, vil yo ak divizyon administratif ke gouvènè yo dirije te devlope nan kad Somè Konjwen sou Klima ki te òganize pa Akademi Pontifikal Syans ak Akademi Pontifikal Syans Sosyal la. Pwotokòl la repete nesosite pou yon aksyon mondyal inifye pou adrese kriz klimatik la epi pwoteje moun ki pi vilnerab yo.

"Nou gen yon obligasyon moral pou nou kite planèt ekstrawòdinè sa a pi bon pase jan nou te jwenn li." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan siklòn rive nan vag chalè, New York te fè eksperyans devastasyon kriz klimatik la. Atravè aksyon kowòdone ak kòlèg nou yo atravè mond lan, nou pral kontinye avanse nan direksyon pou yon avni ki pi fleksib."

Gouvènè a te siyen Pwotokòl Planetè a pandan l t ap patisipe nan Somè Pap Fransik ki dire 3 jou, "Soti nan Kriz Klimatik rive nan Rezistans Klimatik" Jodi a, Gouvènè a te bay yon diskou sou "Lidèchip klimatik nan Empire State la: Bati Rezistans pou tout Moun." Semèn pase a, yo te nonmen Gouvènè Hochul kòm Prezidan Alliance Klimatik Etazini an, yon kowalisyon bipatit ki gen 24 gouvènè k ap defann aksyon klimatik solid. Pwotokòl Plantè pou Rezistans Chanjman Klimatik la enonse:

Nou mande keyasyon yon Pwotokòl Plantè pou Rezistans Chanjman Klimatik, ki andose pa ekspè nan alafwa syans ak syans sosyal ak, esansyèlman, pa moun ki nan sèvis dirèk nan kominote yo nan mond lan, ki gen ladan majistra ak gouvènè yo. Nou pran angajman pou aplikasyon imedya mezi enpòtan sa yo:

- Yon apwòch One-Earth (Yon Sèl Tè) nesèsè pou gide aksyon ijan ak akselere chanjman politik ak aplikasyon. Li enperatif pou nou rekonèt dwa fondamantal chak moun genyen pou gen rezistans nan chanjman klimatik.
- Nou ap fè fas ak defi sistemik separe men ki konekte ansanm: chanjman klimatik la, pèt divèsite biyolojik a gwo echèl, polisyon nan anviwònman an, inegalite mondyal, ak ensekirite alimantè. Pwoblèm sa yo, si yo pa adrese ansanm ak anpil ijans, poze menas ekzistansyèl pou moun ak lòt bèt vivan, ansanm ak ekosistèm yo depann de yo. Moun pòv yo pral pi afekte pi mal.
- Nou rekonèt ke kriz klimatik la pral vin pi mal akoutèm, menm si yo mete an plas aksyon ki pi optimis pou diminyasyon pou pliye koub emisyon an kounye a. Emisyon deja prezan nan atmosfè nou an, pral lakòz soufrans ke inèsi sosyo-politik pral pwolonje. Nou bezwen alafwa yon plan koutèm (yon vitès sou 25 pwochen ane yo) ak yon plan alontèm (yon maraton sou 25 a 100 ane).
- Pliye koub chofaj la pou li desann rapidman, epi remonte nan lavi dirab pou siviv ak pwospere nan fason ki jis epi ki dire lontan. Koperasyon mondyal esansyèl, paske emisyon nenpòt kote se chofaj global toupatou.
- Nou defann yon apwòch rapid ak plizyè aspè pou rezistans klimatik: diminye emisyon rapidman, adapte ak chanjman klimatik aktyèl yo, epi mete ann aplikasyon mekanis finansman inovan. Efò sa a mande koperasyon mondyal pou abòde, pa egzanp, gwo echèl migrasyon yo prevwa, chanjman konpòtman imedya pou refwadi planèt la, edikasyon ki pote transfòmasyon, ak restorasyon oseyan ak tè.
- Nasyon rich yo ak moun ki rich mondyal yo dwe bay twa milya pou moun ki pi pòv yo, ki kontribye mwens nan chanjman klimatik la, ak aksè ak enèji pwòp, dlo, manje, ak lè. Aksyon sa yo pral kontribye nan jistis klimatik ak lapè, lokalman ak globalman.
- Nou rekonèt ke sistèm natirèl ki an sante yo soutni rezistans fizik, sosyal ak ekonomik nou an, epi defann aksyon ijan pou enplemante solisyon klimatik ki baze sou lanati.
- Nou rekonèt ke achitekti P2C2R la dwe bati sou prensip twa pilye MAST, jan sa dekri nan deklarasyon COP-28 PAS ak PASS la. Detay MASTyo tankou eleman debaz li yo bay nan vèsyon an pwolonje nan pwotokòl sa a.
  - Fè tout sa ki nan pouvwa nou pou redwi rapidman emisyon gaz ki lakòz efè sè mondyal yo epi koube koub rechofman an disi 2050 pou limite depasman tanporè a pi ba pase 2 °C ak limite rechofman an a 1.5 °C pi vit ke posib, se premye pilye MAST... epi tou priyorize solisyon ki baze sou lanati nan retire aktif CO2 nan atmosfè a yon fason pwo-aktif.
  - Adaptasyon nan chanjman klimatik inevitab se dezyèm pilye MAST la. Adaptasyon gen twa objektif: diminye sansiblite ak chanjman klimatik, diminye ekspozisyon ak menas klimatik, ak amelyore kapasite adaptasyon. Sepandan, gen limit nan adaptasyon imen ak ekosistèm lan, epi pou rete nan limit sa yo, adaptasyon yo dwe byen entegre ak

diminasyon. Prensipalman, adaptasyon yo dwe priorize menm jan ak diminyon epi li mande aksyon, atravè tout sektè ak nivo sosyete a. Efò adaptasyon yo ta dwe gen ladan yon konsantrasyon sou sante piblik, ki gen ladan sante mantal ak byennèt, ansanm ak epanouyman lòt èt vivan ak ekosistèm - yon priorite kritik nan konsepsyon adaptasyon, solisyon nan kad P2C2R. Adapte ak estrès chalè esansyèl pou evite gwo kantite lanmò nan deseni k ap vini yo.

- Transfòmasyon Sosyal se twazyèm pilye MAST la, ki esansyèl pou pwospere nan yon avni dirab apre yo siviv kriz la. Transfòmasyon sosyal la enplike chanjman fondamantal nan konpòtman, ki gen ladan konsomasyon, ak nan sistèm sosyo-ekonomik ak gouvènans. Nan pawòl Pap Francis, "Transfòmasyon sa a sanble ak yon konvèsyon ekolojik." Kriz klimatik la prezante nou yon opòtinite san parèy pou nou bati yon mond ki pi solid, ki pi an sante epi ki pi jis ki reflekte lefèt ke pwospere nou depann de byennèt mond natirèl la ak lòt èt vivan yo.

- Transfòmasyon sa a mande alfabetizasyon klimatik pou tout moun, depi timoun rive granmoun; aksè ak enèji abòdab, lè ak dlo pwòp, ak edikasyon pou twa milya moun ki pi pòv sou planèt la pou yo ka adapte yo ak dezast klimatik yo epi pwospere nan yon mond apre rechofman planèt la; patenarya piblik-privè pou finansè alafwa mitigasyon ak adaptasyon; dispozisyon konpetans ak fòmasyon, pou pèmèt tout moun gen aksè ak travay ki nesèsè pou reyalize chanjman sa yo, ak patenarya ak enstitisyon relijye yo pou jwenn gwo sipò piblik pou aksyon klimatik yo.

- Planifikasyon ak inisyativ politik yo dwe adopte epi enkli apwòch ki santre sou timoun pou ankouraje rezistans.

- Edikasyon konplè sou anviwònman ak dirabilite ta dwe entegre nan pwogram lekòl atravè mond lan, pou asire ke tout timoun devlope yon konpreyansyon pwofon sou pwoblèm ekolojik, pratik dirab, ak wòl yo nan ankouraje yon devlopman avni dirab depi pi jèn laj yo. Sa a ta dwe gen ladan pwomosyon atitid ki ankouraje jesyon responsab planèt la, panse kritik sou defi anviwònmanmantal yo ak preparasyon pou karyè nan lavni nan endistri dirab yo.

- Nou dwe tranzisyon anijans pou soti nan enèji konbistib fosil pou pase nan enèji pwòp.

- Sibvansyon danjere pou konbistib fosil yo dwe chanje pou sipòte aksyon ki ka rapidman pliye koub rechofman an, amelyore pwoteksyon sante inivèsèl, fasilite transpò piblik, diminye polisyon lè ak dlo, bay chwa manje ki an sante, ak ankouraje ekite.

- Yon angajman fèm dwe pran pou agrikilti dirab yon fason pou rapidman koub koub la, ankouraje ekite ak ofri chwa manje ki an sante.

- Chanjman konpòtman nan moun, kominote yo, ak sektè prive a dwe anrasinen atravè yon nouvo inisyativ mondyal pou edike tout moun depi nan anfans rive nan vyeyès.

- Chèchè ak desidè politik k ap travay sou solisyon yo ta dwe adopte kolaborasyon trans-disiplinè ki baze sou prèv ki enplike majistra,

gouvènè ak ONG lokal yo pou jere resous ki disponib nan divès nivo gouvènman an.

- Chanjman klimatik la mondyal, li enpakte lokalman, epi li mande aksyon lokal. Se poutèt sa, nou mande chèf nasyon yo pou yo fasilite vwa majistra yo ak gouvènè yo pi fò nan politik klimatik mondyal la.

Bezwen pou yon pwofon transfòmasyon sosyete atravè popilasyon mondyal la imedyà ak kritik. Objektif nou se eklere ak galvanize sosyete atravè lemond nan aksyon rapid, inifye kont chanjman klimatik ak pou rezistans klimatik. Estrateji nou an konplè, li pakouri chanjman politik, edikasyon, ak chanjman konpòtman nan kad banyè MAST la. Sa a se yon moman esansyèl ki mande yon angajman enkondisyonèl ak aksyon imedyà. Nou dwe kaptire moman sa a ak tranzisyon nan yon epòk byenveyan san kite pèsonn dèyè.

### **Plan Klimatik Lidè Nasyonal Eta New York la**

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Investisman New York (New York Cap-and-Invest, (NYCI) ak lòt politik konplèmantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan disi 2030 ak 85 pousan disi 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout tou pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, avèk 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 40 milya dola nan 64 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plis pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)